



**Built to Lead**

Pou Piblikasyon Imedya: 3/14/2016

**GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE \$26 MILYON DOLA DISPONIB POU PWOJÈ  
PWOTEKSYON TÈ AGRIKÒL NAN ETA NEW YORK**

*20yèm Anivèsè nan Pwogram Pwoteksyon Tè Agrikòl Eta*

*Gouvènè a pwopoze ogmantasyon finansman pou pwogram lan nan Bidjè  
Egzekitif 2016-17*

*Eta ap elaji aksyon pou senplifye aplikasyon ak pwosesis sibvansyon*

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse \$26 milyon kounye a disponib grasa Pwogram Sibvansyon Enplemantasyon Pwoteksyon Tè Agrikòl pou ede agrikiltè yo nan Eta New York pwoteje tè agrikòl ki a risk epi valab nan Eta New York. Ane sa make 20yèm anivèsè nan pwogram lan sa ki sipòte pwojè konsèvasyon dwa pasaj. Depi Gouvènè Cuomo te antre nan administrasyon an, Eta te non sèlman relanse pwogram lan, men tou li te angaje nivo finansman istorik pou konsèvasyon tè agrikòl.

“Pwoteje ak kenbe tè agrikòl yo enpòtan pou sipòte kwasans kontinyèl endistri agrikilti robis New York,” **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Agrikilti fè pati nan istwa rich nou, ansanm avèk yon gwo pati nan ekonomi aktyèl eta, e evenstisman sa yo ap ede asire pwochen pwen fò endistri sa a.”

Pwogram Sibvansyon Enplemantasyon Pwoteksyon Tè Agrikòl fè pati nan Fon pou Pwoteksyon Anviwonman Eta, sa ki nan pwopozisyon Bidjè Egzekitif 2016 Gouvènè Cuomo a te plis pase double, ogmante nivo fon an a \$300 milyon. Pwopozisyon an ogmante tou finansman pou pwoteksyon tè agrikòl pa \$5 milyon dola. Ogmantasyon sa devlope sou investisman istorik ane pase nan pwoteksyon tè agrikòl, enkli \$20 milyon nan Pwogram Amelyorasyon Agrikòl Hudson Valley, premye pwogram sibvansyon konsèvasyon tè agrikòl ki sible rejonalman.

Minisipalite, konte, distri konsèvasyon dlo ak tè, ak òganizasyon non-pwofi yo (land trusts) ka aplike pou sibvansyon endividyèl nan non agrikiltè yo pou pwoteje tè agrikòl vyab yo pou yo pa konvèti yo nan itilizasyon non-agrikòl. Plis enfòmasyon disponib nan [www.agriculture.ny.gov/RFPS.html](http://www.agriculture.ny.gov/RFPS.html).

Opòtinite finansman sa kontinye angajman renouvle eta pou bay asistans finansye pou pwoteksyon tè agrikòl sou yon sik previzib dezan. Anplis, Depatman Agrikilti ak Mache

Eta New York te pran plis aksyon pou rasyonnalize aplikasyon ak pwosesis debousman sibvansyon. Fòm obligatwa ki nesèsè pou reyalizasyon pwojè ki te ka ankò pi redwi ak klarifye. Aplikan yo pa otorize pou soumèt jiska sis pwopozisyon pou chak antite kalifye, e yo te retire limitasyon \$29,000-pa-kawotè sou kontribisyon eta nan bi pwojè sa yo, sa ki elimine yon posib prevansyon pou sèten aplikan.

Mezi rasyonnalizasyon anteryè Depatman an te lakoz nan rediksyon enpòtan nan tan anjeneral ki nesèsè pou fini pwojè yo. Twa pwojè ki te atribye nan oktòb 2014 te fini nan mwens pase yon lane. Pwosesis nan sik anvan yo te gen yon mwayèn prekse katran.

**Prezidan Komite Agrikilti Sena Senatè Patty Ritchie te deklare,** “Gen yon lis long sou sa ki fè Eta New York yon kote ideyal pou kòmanse oswa agrandi yon fèm agrikòl—toutfwa, youn nan pi gwo atou nou se disponiblite tè agrikòl ki pa devlope yo ki senpleman ap rete tann pou agrikiltè kap travay di yo kiltive l. Mwen te fyè paske mwen te ogmante investisman nan efò pwoteksyon tè agrikòl, e mwen kontan paske eta ap pran etap pou pwoteje youn nan resous nou yo ki pi enpòtan, sa ki pral ede endistri agrikòl New York la kontinye grandi, kreye travay epi egziste kòm yon lidè nan ekonomi nou an anjeneral.”

**Prezidan Komite Agrikilti Asanble a, Manm Asanble Bill Magee te deklare,** “Endistri agrikilti nan New York ap ogmante, e piblikasyon finansman sa, kòm kounye a nap rekonèt 20 ane nan Pwogram Sibvansyon Enplemantasyon Pwoteksyon Tè Agrikòl, ap favorize ogmantasyon pwodiksyon ak opòtinite travay pou biznis agrikòl New York yo.”

**Komisyone Agrikilti Eta New York Richard A. Ball te deklare,** “Depatman an kontan pou l ofri yon seri sibvansyon kap ede konsève resous ki pi enpòtan kap egziste pou agrikiltè yo. Kòm nap make 20yèm anivèsè angajman eta pou pwoteksyon tè agrikòl ane sa epi selebre kontribisyon agrikilti nan ekonomi eta, nap montre siksè pwogram lan —apati yon pwosesis ki konsiderableman rasyonnalize pou aplikan yo avèk nivo finansman san parèy. Sipò kontinyèl Gouvènè a nan konsèvasyon tè agrikòl ap gen yon enpak enpòtan nan pwoteje ak kenbe tè agrikòl eta jodia pou pwochen agrikiltè New York nou yo.”

**Direktè New York State American Farmland Trust David Haight te deklare,** “2016 se yon ane enpòtan kòm li make 20yèm anivèsè Eta New York kap investi nan pwoteje de fason pèmanan tè agrikòl ki nesèsè pou devlope ekonomi agrikòl nou an ak manje lokal la. Grasa lidèchip Gouvènè Cuomo ansanm avèk lejislati Eta, New York ap vini youn nan eta kap dirije peyi a nan investi nan pwoteksyon tè agrikòl kap traay. Investisman enpòtan eta, konbine avèk atansyon entansifye pou asire ke fèm kap patisipe yo pwoteje toutan nan mwens pase 2 ane, li bon pou tout manjè ak pwochen jenerasyon fèm yo nan New York.”

**Prezidan Biwo Fèm New York Dean Norton te deklare,** “Konsèvasyon tè agrikòl enpòtan pou agrikiltè yo kap chèche pou pase operasyon yo bay pwochen jenerasyon an. Sibvansyon yo ap pèmèt yo re-investi nan biznis yo pandan lap kenbe tou pwodiksyon nan tè enpòtan yo. Finansman adisyonèl sa re-afime angajman Eta nan

Fon pou Pwoteksyon Anviwonman ak wòl enpòtan li jwe nan konsève resous natirèl nou yo.”

Pandan plizyè ane ki sot pase, Depatman an te depoze fondasyon pou yon Pwoogram Pwoteksyon Tè Agrikòl ki pi solid ak divèsifye kap ofri kounye a sibvansyon pou adrese yon pi gwo varyete inisyativ pwoteksyon tè agrikòl pou gouvènman lokal yo ke yo te idantifye kòm enpòtan nan kwasans yo. Egzanp yo gen ladan ti sibvansyon pou revize lwa lokal yo pou retire restriksyon ki pa nesèsè sou tè fonksyonèl yo epi ankouraje minisipalite yo pou etabli Pwoogram Dwa Devlopman ak lokasyon Dwa Devlopman.

Depi ane 1996, Eta New York te afekte plis pase \$140 milyon dola pou 233 pwojè konsèvasyon kap pwoteje preske 60,000 kawotè agrikòl nan eta.

Materyèl aplikasyon ak enfòmasyon semine sou entènèt ki enpòtan pou Round 14 Farmland Protection Implementation Grants Request for Applications sou sitwèb Depatman Agrikilti ak Mache nan [www.agriculture.ny.gov/RFPS.html](http://www.agriculture.ny.gov/RFPS.html).

Yo dwe soumèt elektwonikman tout pwopozisyon pwojè pwoteksyon tè agrikòl atravè pòtal sibvansyon Eta New York. Pou jwenn plis enfòmasyon, tanpri vizite <https://grantsgateway.ny.gov/>.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418